

**SHONA - "Where is your home?"**

# **MUSHA WAKO URIKUPI?**

Vazhinji vedu vanemusha kana nzvimbo yatinodaidza kuti musha ungame usina kunaka seimwe, kana kuti usinakuchena, uye hazvinei kuti haufadzi seye vamwe, asi musha kwatiri chete. Kunyange tika shanyirepi, kana kufambirepi tinongogara tichifadzwa nokudzokera kumusha wedu. Dzimwe nzvimbo dzatakashanyira dzingange dzaive dzakanakisa uye dzirinani nenzira dzakawanda, asi hadzina kuvamusha wedu kwatiri, musha wedu waigara uchingoti daidza. Pane chimwe chinhu chiri mumusha chinoita kuti tiugamuchire, uye tinzwe kuti tirivemo mumusha.

## **TIRIVAYENZI PANO**

Izwi ramwari rinotudza kuti munyika ino tirivayenzi nevapfuuri. (1 Pita 2:11; vaHeb. 11:13). Misha yedu pano, hazvinei kuti yakavakwa zvakanaka sei, inopazika, nechinguva chisipi madziro anotsemuka, denga rinotanga kubvinza, mhepo ino tangaku pinda nepamusuo nemumafafitera, pasina nguva magadhi anotanga kudonha, zvishoma nezvishoma, zvechokwadi, imba inotanga kuwa. Hakuna chinhu chakavakwa chino-gara rininarini,



kwete, ndezvemwaka chete, zvobva zvosakara, zvwira pasi. Tarisa zvakakutenderedza, kose kose uchaona zviratidzo zvinokuratidza kuti hakuna chinhu munyika ino chinogara kwenguva refu, asi kuti zvinhu zvose zvichapfuura, kunyange misha yedu.

### **MUNHU WOSE, HAZVINEI, ANOMUSHA UNOGARA NOKUSINGAPERI**

Mumwe nomumwe wedu, hazvinei kuti tinozviziva kana kuti kwete, anomusha unogara rininarini nokusingaperi. Iyi ndiyo misha yatindenda kana upenyu hwedu hwepanyika ino hwapera, kana miviri yedu yaradzikwa muguva. Mweya yedu yoyenda kumisha yayo uko kwatisiri vafambi asi kwatichava rininarini kusvikira nokusingaperi. Umwe musha unotsanangurirwa kwatiri sedziva romoto rinesarufa, nechikara, kunevarofita venhemha. Ikoko ndiko kuchazokandirwa Satani navose vasina kunyorwa mazita avo mubhuku roupenyu. (Zvak. 20:10-15). Mumasaisai aya makuru emoto, munzwimbo yokutambudzika kukuru, munomoto nobvira zvinopisisa, muchava nokuchema nokugedageda kwamazino. Kunyemwerera kwepachiso chasatani, nokuseka kwemashavi kuchazonyanyisa kuwedzera kutya mugehena. Kuchazoshaiwa munyaradzi neruyamuro, varangwi vachazovevega mumatambudziko okuyaura, vachadamba kuti dai vakateerera zvakanaka shoko raJesu Kristu. Masaisai aya emoto, iyo nzvimbo yokutambudzika inonzi gehena, ndiyo ichazeve musha wavo nokuti "Vanhu vose vakatadza vakatadzira mbiri inoponesa yamwari." (vaRoma 3:23). Uyu ndiwo musha wenzenza, mhombwe, kusachena, vanamati vezvifananidzo, varoyi, vanekuvenga mumoyo yavo, vaiti veshanje, vanyepi, zvidhakwa, mba vha, vanyemgeri, vasingavimbiki, mhondi, avo vanofarira kurwa, simbe, vadadi, vafariri vezvinhu zvenyika ino, vatyisidziri, ne-vanehasha, vakari, nevanoda mari, navanoda nyika nezvinhu zvayo. (vaGar. 5:19-21; Zvakaz. 21:8). Uyu ndiwo musha wovakaramba ishe Jesu Kristu semuponisi wavo, ndiani asati ashambidzwa neropa raJesu. Musazvinyengedze, mwari haasekwi, nokuti munhu wose anokohwa zvaanenge adyara. (vaGar. 6:7). Zvatinodyara mukuchiva kwenyama, tichazvikohwa mugehena.

Mira utarise kuti mutadzi anoenda sei kumusha uyu, musha ndowake nokuti haasati agamuchira muponisi. Mutadzi anomoyo wakaomarara anovingwa norufu, muviri wake uzere nokurwadzwa, uye mweya wake unozakirwa nokutya rufu. Rufu rwasvika usinafungiro usingahwudi wotarisa kumukundi wako nokutya. Zvenyika zvapfuura, muripo notyisa nemubairo mukuru wezvivi wavakuripwa. Kurwadza kwegehena kwasvika usina kukufungira, katora mweya wako unoty. Kunyangeachida kunamata, haachakwanisi kutaurirana namwari. Shamwari dzake dzenyika dzave kutya kumira padivi pake, manzwi adzo noupfumi hwake, pamwe hwaanenge akawana nokunyengedza vamwe, hazvingaite kuti zvimuponese mweya wake kana kuita kuti arwadziwe zvisihoma kana kurebesa upenyu hwake. Kunyange avekuedza kufunga nezvamwari, Satani haachamupi nguva iyoyo. Zvose zvaaida pasi pano nezvaairaramira, zvaita sezvirikumuseka uye mufudzi wake wepasi pano wenhema haacha kwanisi kumuyamura. Anotangakuzviziva

kuti zvinotyisa kwazvo kuwira mumaoko amwari mupenyu. (vaHeb. 10:31). Anotarisira kuva namwari parukukwe rworufu rwake asi anowana kuti anonoka. Zvihuru zvavanhu zvinofa zvisina fungiro yokutsvaga mwari pahukwe dzavo dzorufu. Saka tinotaurirwa kuti titsvage mwari achawanikwa. Kunze kokunzwa inzwi rinonyaradza ramwari, uyu mutadzi mushakabvu, akaramba tsitsi norudo rwamwari achirimupenyu, ikozvino avekunzwa inzwi romutongi wake, muponisi waakaramba achiti: "Ibva pano pandiri, iwe wakashurikidzwa uende mumoto usingadzimi wakagadzirirwa Satani pamwe chete navatumwa vake." (Mat. 25:41). Uye "Vanhu vose vakatemerwa kufa kamwechete mwaki asati avatonga." (vaHeb. 9:27).

## **IKOZVINO, HATITARISEI KUMUSHA URINANI**

Mumusha uyu hamuna usiku, hamuna marambi, hamuna zuva rinodiwa, nokuti ishe ndiye achava chaedza. (Zvak. 22:5). Hakuna zvirwere, hakuna kusuwa, hakuna nzara kanyota, hakuna kuda chinhu kana kutambudzika, hakuna kutya nerufu. (Zvak. 21:4). Rusvingo rwawo nderweiasipa uye guta racho nderendarama. (Zvak. 21:18). "Zviya zvisinakuonekwa neziso kana kunzwicka nenzeve, nezviya zvisina kufungwa nomoyo womunhu, mwari ndizvo zvaakagadzirira vanhu vanomuda." (IvaKor. 2:9). Hakuna ndimi panyika yokuti umwe angagone kutsanangu kana kupa rondedzero younaku hwekudenga, kunoshamisa nokunaka. Uyu ndiwo musha wavakaponiswa. Hakuna mutadzi achazopindako, hakuna wakachenjera achazopinda mauri, hakuna chero chinhu chakaipa chinonyangadza kana varevi venhema, asi vakanyorwa mubhuku rehwayana reupenyu. (Zvak. 21:27). Haungatengi musha uyu nemari kanamabasa. Haungakwiri napamusoro pamasvingo awo, kupinda kereke hakungakupi musha uyu, kune nzira imwe chete inopinda nokuna Jesu. Anoti: "Ndini nzira nechokwadi noupenyu, hakuna munhu angauye kuna baba kunze nokwandiri." (Joh. 14:6). Jesu anotiudza kuna Joh. 14:2 nezvemusha waari kugadzira, asi musha wokudenga uyu ndewe vanhu vakaregererwa zvivi zvavo chete uye vanemoyo neupenyu hwakachena. Vazhinji vanopfeka hanzu dzimwewo netarisiro yokuti dzinovapinza kudenga. Aiwa, pamusoro pezvose moyo ndiwo unoda kuchenurwa, tinofanira kugara tiri vatsvene, magariro akachena, kwete anoitwa nenyika ino.

Tichionaka, kuti tirivatadzi tose pamberi pamwari, tose tirikufamba takananga kugehena, kune chinhu chimwe chete chokuita "Asi kana tichireurura zvitadzo zvedu achigeza zvisakarurama zvose zvatinaivo." (1 Joh. 1:9). Jesu akati: "Ndini kumuka noupenyu; uyo anotenda kwandiri, achararama kunyage akafa uye mumwe nomumwe arimupenyu anotenda kwandiri haazofi nokusingaperi." (Joh. 11:25-26). "Munhu anonzwa shoko kangu achitenda uya akandituma, achawana upenyu husingaperi. Munhu iyeye haachazopiwi mhoswa kwete, asi watobva murufu achipinda muupenyu." (John. 5:24). Rufu harutyiwi nomukristu kana kumurwadza "Rufu rwakaparadzwa, rwukakundwa. Nhai, iwe rufu! Zvino kukurira kwako kurikupiko? Nhai iwe quva! Rumborera rwako rwuri kupiko? Asi mwari

ngaavongwe kwazvo anove ndiye wakatipa kukunda zvichiitwa natenzi wedu Jesu Kristu.” (Ivak. 15:54-57). Munhu akararama panyika achifamba namwari haatyi rufu. Kana nguva yokuti aende yasvika, anoenda achifara, samupostori Pauro: “Pamwe noinoda kusiya upenyu uhwu ndichindogara naKristu zvinove ndizvo zvirinani.” (Vafir. 1:23). Mukristu anotarisisira kuona chiso chaJesu akamufira akamudzikinura aripamuchinjikwa. Mweya mutsvene anomuyechidza manzwi aJesu “Moyo yenyu ngairege kumanikidzana, tendai kuna baba mugotenda nekwandiri. Mumba mababa vangu munedzimba zhinji dzokugara. Ndichauya zvakare ndizokutorai mose kuti kwandinenge ndiri mugovakowo.” (John 14:1-4).

Zvino, hatimbo mirai zvisombamba, titarise kuti mukristu anoenda sei kumusha wake. kunze korufu rwunotyisa, ngirozi kana mutumwa wamwari anoonekwa akamirira kutora mweya wakatendeka kuna mwari. Mweya unosiya muviri unofa, wobhururuka wakananga nokumazambara akavhurwa okudenga, pedyo namwari ada mweya wake anosvika. Iye waakararamira uye akamufira panyika. Rugamuchiro rwemufaro rwunomumirira kuna mwari, uko kwaanokwaziswa naishe mudzidzisi wake nemanwi aya okumurumbudza: “Hekanhi, muranda wakanaka, wakatendeka, pinda murufaro rwaishe wako.” (Mat. 25:21). Satani haachina simba pamusoro pake zvakare nokuti “Chinokosha mumaziso atenzi ndiko kufa kwevakarurama vake.” (Map. 116:15). “Ipapo ndakanzwa inzwi richibva kudenga richiti kwandiri, nyora kuti vakakomborerwa zvavo vanofiri munaishe kubva zvino. Mweya mutsvene anoti zvechokwadi kubvira zvino ngavachizorora havo pamabasa avo makuru avakashanda, nokuti vanoperekedzwa nomubairo wamabasa avo.” (Zva. 14:13). Hauchaiti semwanakomana mharadzi here, akanga ari kure nokumusha, akaona upenyu hwake hwakaipa, nezvaifarira zvakaipa akati ndichamuka ndiende kuna baba vangu.” (Ruk. 15:18). Ipa upenyu hwako kuna Jesu, zviite izvozvi ipapo pauri; pfuga namabvi ako ureurure kunamwari kuti urimutadzi, mukumbire kuti akushambidze neropa rake rinokosha. Mubvumire kuti achengete upenyu hwako, nokuita izvozvi, furatira Satani pamwe chete nenzira inoenda kugehena uchipinda izvozvi munzira inoenda kumusha kudenga.

---

If you have found salvation in Christ, or have been otherwise blessed through our Gospel literature, please let us know. We would like to thank God with you, and remember you further in our prayers.

For **free** Gospel literature, books and tracts in over 540 languages, write to:

**E-MAIL: [info@angp.co.za](mailto:info@angp.co.za)**

**ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS**  
**P.O. Box 2191, PRETORIA, 0001, R.S.A.**

(A Gospel Literature Mission financed by donations)

(Reg. No. 1961/001798/08)